



Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON KI PWOLONJE ANPLWAYE YO KONT REPREZAY

Lejislasyon (S.4394-A/A.5144-A) bay pwoteksyon pou anplwaye ak ansyen anplwaye kont mezi reprezay patwon yo paske yo rapòte aktivite biznis ki ilegal oswa ki danjere.

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon ki pwoteje anplwaye yo kont mezi reprezay patwon yo nan ka yo ta rapòte aktivite biznis ki ilegal oswa ki danjere. Sa a espesyalman amelyore pwoteksyon pou anplwaye sektè prive yo ki te mwens pwoteje anvan adopsyon pwojè lwa sa a. Definisyon anplwaye a elaji pou enkli ansyen anplwaye yo, sa k ap pwoteje moun ki te ka sibi reprezay apre travay yo. Lejislasyon sa a kontinye pou elaji definisyon mezi reprezay yo, ki pral genyen kounye a mezi oswa menas pou pran mezi ki ta gen yon enpak negatif sou travay aktyèl oswa travay alavni yon ansyen anplwaye ak kontakte oswa menas pou kontakte otorite imigrasyon yo. Ak ogmantasyon ansyen anplwaye yo ki kouvri nan kad lwa sa a, yo te pwolonje tou delè presripsyon sou dezan pou asire yo ka pran bon jan mezi nan ka ta gen reprezay.

"Si nou te aprann yon bagay de pandemi an, se pwoteje travayè yo dwe fè pati efò jeneral rekipasyon ekonomik nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon sa a asire ke anplwaye yo ka pale sou pratik biznis danjere oswa ki ilegal ki mete sante yo ak byennèt yo an danje. Okenn travayè pa ta dwe oblije andire move kondisyon travay, ki donk mwen fyè pou m pwoteje davantaj Nouyòkè k ap travay yo lè m anpeche reprezay nan espas travay la."

Yo pral pwoteje anplwaye yo kèlkeswa wi ou pa yo t ap aji nan fonksyon travay yo. Lejislasyon sa a asire tou ke anplwaye yo dwe sèlman pwouve ke yo kwè yon fason rezonab ke gen yon vyolasyon dwa oswa ke gen gwo danje oswa yon danje espesifik - alòske anvan yo te bezwen montre ke te gen yon vyolasyon lwa aktyèl ki te kreye ak prezante yon danje sibstansyèl ak espesifik pou yo pwoteje yo kont reprezay - sa ki elaji kalite denonsyasyon ki pwoteje. Lejislasyon sa a fè pwoteksyon anplwaye yo vin yon priyorite, epi li pèmèt yo konnen yo ka rapòte aktivite ilegal ak danjere san yo pa mete lavi yo an danje.

Senatè Jessica Ramos te deklare, "Lè yon travayè vini pou sone alam sou kondisyon danjere oswa ilegal nan espas travay yo, yo ta dwe gen sekirite pou konnen ke pran mezi vanyan sa a p ap tounen yon fwèt pou yo. S.4394A elaji menm pwoteksyon

denonsyatè ki disponib pou anplwaye piblik yo pou travayè nan sektè prive a - ki gen ladann kontraktè endepandan yo. Eksperyans travayè yo te mete aksan sou enpòtans pwojè lwa sa a pandan pik pandemi an, ansanm ak fas yon tandans nasyonal twoublan nan efò ki mal klasifye travayè yo. Lè Gouvènè Hochul siyen pwojè lwa sa a, l ap franchi yon etap enpòtan pou li sinyale travayè yo ke yo gen sipò nou, epi sante yo, diyite yo ak sekirite yo nan travay yo gen anpil enpòtans."

Manm Asanble Michael Benedetto te deklare, "Sa a se yon bon jou pou travayè New York yo. Moun yo pral lib pou rapòte move aksyon yo wè oswa sispèk k ap fèt nan espas travay yo san pèrèz oswa san yo pa sibi mezi reprezay. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul dèske li wè sajès epi siyen pwojè lwa sa an lwa".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)